



Pou Piblikasyon Imedya: 26/05/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOGRAM 'PRAN YON PIKI POU BATI AVNI OU' KI AP BAY TIMOUN KI GEN 12- A 17 ANE YO KI PRAN VAKSINASYON AN CHANS POU GENYEN BOUS KONPLÈ SUNY OSWA CUNY

Timoun ki gen 12 a 17 ane ki pran vaksen an ka gen non yo ki antre nan tiraj osò pou yon bous konplè nan SUNY oswa CUNY apati 27 me

10 ganyan pa semèn pandan senk semèn; Bousdetid konplè ki gen ladan ekolaj, lojman ak pansyon

Enskri pou yo ka notifiye ou lè tiraj osò a kòmanse [isit la](#)

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ankourajman 'Pran yon Piki pou Bati Avni ou' (Get a Shot to Make Your Future) pou timoun ki gen 12 a 17 ane pran vaksen pou COVID-19 la. Patisipan yo ka patisipe nan yon tiraj osò epi potansyèlman resevwa yon bousdetid konplè nan yon kolèj SUNY oswa CUNY apati 27 me. Ganyan yo resevwa yon bousdetid konplè nan nenpòt kolèj piblik oswa inivèsite, ki gen ladan ekolaj lojman ak pansyon. Eta New York pral administre tiraj osò a epi chwazi 10 ganyan nan yon semèn pandan senk semèn pou yon total 50 ganyan. Yo pral itilize fon sansibilizasyon ak sekou Federal pou COVID-19 pou kouvri depans pwogram ankourajman vaksinasyon sa a.

"To vaksinasyon toupatou nan eta a ap kòmanse ralanti e pi gwo bezwen nou se avèk jèn Nouyòkè yo ki totalize yon gwo pousan nan ka pozitif yo epi ki gen pousantaj vaksinasyon ki pi ba nan eta a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pou pi byen rive nan popilasyon sa a ak defèt COVID yon fwa pou tout nou bezwen mete kreyativite nan efò nou yo. Nou ap ofri tout timoun ki gen 12 a 17 ane yon opòtinite ki kapab chanje lavi—yon bousdetid konplè, lojman ak pansyon nan nenpòt kolèj oswa inivèsite piblik nan New York an echanj pou pran vaksen an. Epi plis ou pran vaksen an pi bonè, se plis ou gen chans pou genyen—li gratis, pa gen randevou epi ou gen chans tou pou genyen yon bousdetid konplè, kidonk si ou poko fè sa, ale pran vaksen an".

Ganyan yo pral resevwa jiska kat ane etid premye sik a plen tan oswa senk ane nan yon pwogram diplòm lisans senk ane ki apwouve ki gen ladan eleman sa yo:

- **Frè Ansèyman yo:** Yon kantite lajan ki egal a ekolaj rabè rezidan eta a State oswa City University of New York

- **Depans ki Pa Pou Frè Ansèyman yo:** Chanm ak lokasyon ak sibvansyon pou liv yo, materyèl yo ak pou transpò rive jiska kantite depans an mwayèn nan inivèsite SUNY yo.
- **Rezidans:** Yo pral bay etidyan ki ap viv sou kanpis yo yon pi gwo sibvansyon pou chanm ak lokasyon yo pase etidyan ki ap vwayaje yo. Si pa gen lojman ki disponib pou etidyan ki sou kanpis yo, yo pral resevwa menm sibvansyon ak etidyan ki ap viv sou kanpis yo.

Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York ak Kòporasyon Sèvis Ansèyman Siperyè a (Higher Education Services Corporation) Eta New York pral verifye estati vaksinasyon gayan yo.

Prezidan Inivèsite SUNY an, Jim Malatras, te deklare, "COVID-19 te defye etidyan nou yo detanzantan ankò, epi yo te fè tout sa nou te mande yo pandan ane ki sot pase a pou kenbe kanpis nou yo ouvri epi san danje. Avèk vaksinasyon kòm kle yon eksperyans akademik ak kanpis ki pi nòmal, ankourajman bousdetid sa a ka ede asire tout kominote kanpis nou yo gen yon eksperyans kolèj ki san danje epi ki konplè nan semès Otòn sa a".

Rektè CUNY an, Félix V. Matos Rodríguez te deklare, "Li enperatif pou nou fè tout sa nou kapab pou nou vaksinen Nouyòkè yo tout fwa sa posib pou nou ka finalman simonte kriz redoutab sante piblik sa a. Nou remèsye Gouvènè Cuomo e nap tann semès Otòn 2021 an sante epi san danje ke yon kò etidyan ki pran vaksen an pral ede asire".

Prezidan Kòporasyon Sèvis Ansèyman Siperyè Eta New York la, Dr. Guillermo Linares, te deklare, "HESC fyè dèske li fè pati Ankourajman Vaksen NYS Gouvènè Cuomo a pou ankouraje jèn New York yo pran vaksen an epi ede diminye kantite ka COVID pozitif total yo nan Eta New York. Pandan ke nou ap konstate yon ogmantasyon siyifikatif nan kantite Nouyòkè ki pran vaksen an konplètman, li enpòtan pou nou kontinye vaksinen yon kantite moun, pi vit jan sa posib, pou ede anpeche pwopagasyon an. Avèk chans pou resevwa vwayaj konplè gratis nan nenpòt kolèj dezan oswa katran nan CUNY oswa SUNY, pa gen pi bon moman pase kounye a pou asire jèn nou yo pran vaksen pou pwoteje tèt yo ak tout Nouyòkè yo".

12 me a, Gouvènè Cuomo te aksepte [rekòmandasyon Gwoup Travay Konsiltatif Klinik \(Clinical Advisory Task Force\) Eta New York la](#) pou aplike imedyatman otorizasyon itilizasyon elaji vaksen Pfizer COVID-19 la pou timoun ki gen 12 a 15 ane yo. Tout timoun ki gen 12 a 17 ane ki te pran vaksen an kalifye pou ankourajman an kèlkeswa lè yo te pran vaksen an.

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)